# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–28 अप्रैल 2025 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आजु रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह के साथे नई दिल्ली में बइठकी कइलें। करीब चालीस मिनट ले चलल येह बइठकी में पहलगाम आतंकी हमला अउर ओकरे बाद के हालति के ले के चरचा भइल। प्रमुख रक्षा अध्यक्ष जनरल अनिल चौहान काल्हि श्री राजनाथ सिंह से उनके आवास पर मुलाकाति कइले रहलें।

येह बिच्चे, पहलगाम आतंकी हमला के ले के भ्रामक सूचना फइलावे बदे डॉन न्यूज, समा टीवी, आर्य न्यूज अउर जियो न्यूज के सथहीं सोरह गो पाकिस्तानी यूट्यूब चैनलन पर देस भर में प्रतिबंध लगा दीहल गइल हौ। एगो रिपोर्ट–

**पाकिस्तानी यूट्यूब चौनलों पर सेना और सुरक्षा एजेंसियों के खिलाफ भड़काऊ और सांप्रदायिक रूप से संवेदनशील सामग्री, झूठे और भ्रामक बयान फैलाने के लिए प्रतिबंध लगाया गया है। सरकार ने हमले पर बी.बी.सी. की रिपोर्टिंग पर भी आपत्ति जताई है और भारत के बी.बी.सी. प्रमुख को देश की भावनाओं से अवगत कराया है। आतंकवादी को उग्रवादी कहने के लिए बी.बी.सी. को एक औपचारिक पत्र भी भेजा गया है। दिवाकर की रिपोर्ट के साथ समाचार कक्ष से वैष्णवी।**

**********

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु राष्ट्रपति भवन में नागरिक सम्मान समारोह में पद्म पुरस्कार प्रदान कइ रहलि हइनि। प्रस्तुत हौ एगो रिपोर्ट–

**इस वर्ष गणतंत्र दिवस की पूर्व संध्या पर सरकार ने 139 पद्म पुरस्कारों की घोषणा की थी। जिसमें सात पद्म विभूषण, 19 पद्म भूषण और 113 पद्मश्री पुरस्कार शामिल हैं। प्रमुख पद्म पुरस्कार विजेताओं में वायलिन वादक और संगीतकार डॉ. एल० सुब्रह्मयमण्यम और गैस्ट्रोएंट्रोलॉजिस्ट डी. नागेश्वर रेड्डी हैं। पद्म विभूषण पुरस्कार विजेताओं में प्रख्यात संपादक और प्रसार भारती के पूर्व अध्यक्ष ए. सूर्य प्रकाश, सिने अभिनेता अनंतनाग नन्दमुरी बालकृष्ण और एस. अजित कुमार, भरत नाट्यम नृत्यांगना शोभना चन्द्रकुमार और भारतीय हॉकी टीम के पूर्व कप्तान पी.आर. श्रीजेश शामिल हैं। गोवा के सौ वर्षीय स्वतंत्रता सैनानी लीविया लोबो सर्देसाई, 96 वर्षीय चमडे की कठपुतली कलाकार हिमब्बा, टोडावलप्पा, सिल्कीयधारा और महाराष्ट्र में चार सौ हैक्टेयर जंगल का संरक्षण करने वाले चौतराम देवचंद पवार पद्मश्री पुरस्कार विजेताओं में शामिल हैं। अनुपम मिश्र, आकाशवाणी समाचार, दिल्ली।**

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ बिहने देउरिया अइहें। उहां के जिला के देसही विकास खण्ड के राजकीय महाविद्यालय पड़ियापार में छौ सौ छिहत्तर करोड़ बत्तीस लाख रूपिया के लागति क पांच सौ एक विकास परियोजनन क लोकारपण अउर सिलान्यास करबि। मुख्यमंत्री बिहनहीं गोरखोपुर आइब। उहां के गोरखपुर के चरगांवा में नगर निगम की ओरि से आठ करोड़ ओन्तालीस लाख रूपिया के लागति से बनावल गइल गारबेज ट्रांसफर स्टेसनो क लोकारपण करबि।

**********

अजोध्या के सरजू नदी में सरधालुअन के सुविधा बदे फ्लोटिंग बाथिंग कुंड क निरमाण होई। एहमें एक साथे तीनि सौ सरधालु नहा सके लें। महिला लोगिन अउर पुरूसन बदे दुइ गो अलगि–अलगि कुंड बनावल जाई। फ्लोटिंग बाथिंग कुंड एगो पंवरत संरचना हौ, जवन पानी पर रूकल रही। ई नदी के उतार चढ़ाव के साथे समायोजित हो सकी। अजोध्या विकास प्राधिकरण क उपाध्यक्ष अश्विनी पाण्डेय बतवलें कि येह प्रोजेक्ट क तइयारी कइ लिहल गइल हौ। जल्दिये एकर टेंडरो करा लिहल जाई।

**********

कौशांबी जिला के कोखराज थान्हा इलाका के भरवारी नगर पालिका क्षेत्र में आजु भिन्नहीं माटी क टीला ढहि गइले से ओहमें दबि के पांच महिलन क मउति हो गइल। येह दुखद हादसा में घाही तीनि महिलन के इलाज बदे अस्पताले में भरती करावल गइल हौ। नगर पालिका इलाका के टिकर डीह वार्ड में भइल येह हादसा पर प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ गहरा दुख जतवले हवें। मुख्यमंत्री सोक–संतप्त परिजनन के प्रति संवेदना जतावत पांच–पांच लाख रूपिया क राहति रासि दिहलहू क घोसणा कइले हवें। उहां के अधिकारियन के घाही लोगिन क समुचित इलाज क इंतिजाम कइले क निरदेस दिहले हई।

**********

पूरबी उत्तर प्रदेस के गोरखपुर जिला के सथहीं कई गो अउरियो जिलन में बीतल राति आइलि तेज आन्हीं, बूंदाबांदी अउर बरखा के नाते आजु गरमी से कुछु राहति मिलल। हालांकि दिन में तेज घामों निकरल, बाकिर लुह क असर कम रहल। मौसम विज्ञान विभाग येह अंचल में आजु से चारि मई ले कहीं–कहीं बरखा भइले अउर गरज–चमकि के साथे बौछार परले क सम्भावना जतवले हौ।

विभाग के मोताबिक तीस अपरैल से तीनि मई ले प्रदेस के पच्छिमी इलाकनो में मौसम पूरबी उत्तर प्रदेस के तरियने रही अउर दुन्नो इलाकन में बरखा के साथे तेज सतही बेयारि चलले क सम्भावना हौ। पूरबी उत्तर प्रदेस में बिहनहूं तेज सतही बेयारि चलि सके ला। विभाग पच्छिमी उत्तर प्रदेस में तीस अपरैल से, ओहीं पूरबी उत्तर प्रदेस में आजु से दुइ मई ले बिजुलियो गिरले क चेतावनी दिहले हौ। सथहीं अगिला चउबीस घंटा में अधिकतम तापमान में दुइ डिगिरी सेल्सियस के गिरावट क सम्भावना जतावल गइल हौ।

**********